Приложение №1 к ООП СОО МБОУ «СОШ им. В. Г. Гайтемирова с. Замай-Юрт»

МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
Министерство образования и науки Чеченской Республики
МУ "Отдел образования Ножай-Юртовского муниципального района"
МБОУ «СОШ им. В. Г. Гайтемирова с. Замай-Юрт»

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

учебного предмета «Чеченский язык»

для обучающихся 10-11 классов

с. Замай-Юрт-2025

КХЕТОРАН КЕХАТ

Йуккъерчу йукъарчу дешаран тIегIанехь 10–11 классашна

лерина «Ненан (нохчийн) мотт» предметан Герггара белхан

программа (кхин дIа – Программа) хIоттийна, йуккъерчу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан (кхин дIа – ЙЙД ФПДС) «Ненан мотт а, литература а» предметан областана йукъайоьдучу дешаран предметаш кайерзоран жамIийн лехамашца догIуш.

Программин нормативан бакъонийн бух хIокху документех лаьтта:

1) Россин Федерацин Конституци;

2) 2012 шеран гIуран беттан 29-чу дийнахь арадаьлла «Россин Федерацехь дешаран хьокъехь» 273-ФЗ номер йолу Федеральни закон (хийцамашца а, тIетохаршца а);

3) 1991 шеран эсаран беттан 25-чу дийнахь арадаьлла «Россин Федерацин къаьмнийн меттанийн хьокъехь» 1807-1 номер йолу Россин Федерацин закон (хийцамашца а, тIетохаршца а);

4) Йуккъерчу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт (2022 шеран хьаьттан беттан 12-чу дийнахь арадаьллачу Россин Федерацин серлонан министерствон № 732 йолчу омрица тIечIагIйина);

5) Коьртачу йукъарчу дешаран Герггара коьрта дешаран программа (йукъарчу дешарехула йолчу федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца къобалйина, 2022 шеран эсаран беттан 14-чу дийнахь арадаьлла номер 8/22 йолу протокол);

6) Кхетош-кхиоран Герггара программа (йукъарчу дешарехула йолчу федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца къобалйина, 2022 шеран асаран беттан 23-чу дийнахь арадаьлла номер 3/22 йолу протокол);

7) Россин къаьмнийн ненан меттанаш хьехаран Концепци (2019 шеран гIуран беттан 1-чу дийнахь РФ серлонан министерствон Коллегис тIечIагIйина);

8) «Нохчийн меттан институт» ПКУ IилмананкхеташонотIечIагIйина нохчийн мотт а, нохчийн литература а хьехаран Концепци (2022 шеран хIутосург беттан 12-чу дийнахь арадаьлла номер 3 йолу протокол).

«Ненан (нохчийн) мотт» предмет Iаморан доккха маьIна ду йуккъерчу йукъарчу дешаран коьрта Iалашонаш кхочушйарехь: граждански цхьааллин а, дог-ойланан а баххаш дIахIоттарехь; шен гIуллакх вовшахтоха хьуьнар кхиорехь; дешархойн синъоьздангалла кхиорехь.

«Ненан (нохчийн) мотт» предмет Iаморехь дешархошна хуур ду тIекаренан а, дуьне, кхечу халкъийн культурица йуьстина нохчийн халкъан культура йовзаран а гIирсах санна нохчийн маттах пайдаэца. Культура а, массара тIеэцна адамийн мехаллаш а, къоман коьрта мехаллаш а йустарца Iаморо гIо дийр ду граждански цхьаалла, патриотизман, шен махках а, дукха къаьмнаш долчу пачхьалкхах а дозалла даран синхаамаш кхиорехь, ша муьлхачу халкъах ву, муьлхачу мехкан гражданин ву дика кхетарехь, кхиор ду кхечу къаьмнашца лараме йукъаметтиг хилар.

Программин бухе биллина бу системин-гIуллакхан некъ, шеца хила тарлуш болу:

– ша шен кхиорна, хаддаза Іамарна дешархойн кийча хилар кхоллар;

– дешаран гІуллакх кхочушдечу организацин кхиоран дешаран гуо кхоллар а, вовшахтасар а;

– дешархойн дешаран-довзаран жигара гІуллакх;

– дешаран гІуллакх дІахІоттор, дешархойн индивидуальни, хенан, психологин, физиологин башхаллаш а, могашалла а тидаме оьцуш.

Программа кхетош-кхиоран Герггарчу программехь хІиттийнчу Іалашонан приоритеташна тІехьажийна а йу, «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан белхан программаш хІиттош, масална хила а тарло.

Программа хІоттийна нохчийн меттан хьехархочунна, ишколан дешаран хІинцалерчу тенденцешна а, Іаморан жигарчу методикашна а тІехьажийна йолу дешаран предметан белхан программа хІоттош, методически гІо-накъосталла даран Іалашонца.

Программо хьехархочун таро хуьлуьйтур йу:

1) нохчийн мотт хьехарехь йуккъерчу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь билгалдаьхначу Іаморан личностни, метапредметни, предметан жамІашка кхачош долу хІинцалера некъаш кхочушдан;

2) билггалчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, рузманан-тематикин хьесап хІотто, билгалдина дакъа/тема Іаморна дешаран хенан магийнчу герггарчу дІасайекъарх, ткъа иштта курсан да- къойн/темийн дешаран коьчал карайерзорна йалийнчу дешаран гІуллакхан коьртачу кепех пайда а оьцуш.

Личностни а, метапредметни а жамІаш далийна, йуккъерчу йукъарчу дешаран ишколехь нохчийн мотт хьехаран башхаллаш тидаме а оьцуш.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморо билгалдо предметашна йукъара уьйраш гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца кхочушйар.

Программа хІоттийна йуккъерчу йукъарчу дешаран программаш кхочушйечу организацешна, нохчийн мотт хууш болчу дешархошна лерина.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан йукъара характеристика

Нохчийн мотт – Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт, нохчийн халкъан ненан мотт.

Нохчийн мотт Іаморо гІо до дешархошна ламасталлин синъоьздангаллин мехаллаш карайерзо, оьздангалла, Даймахке безам кхио, ненан матте ларам хила, Россин а, дуьненан а къаьмнийн меттанашка а, культуре а ларам хила, эмоцин интеллект кхио, кхечу адамашна хетачух кхета, иза лара а.

Йукъардешаран организацийн дешархоша «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іамор дІадолало йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран тІегІанехь, коьртачу йукъарчу дешаран тІегІанехь тІедузу, йуккъерчу йукъарчу дешаран тІегІанехь чекхдолу.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет нохчийн меттан оьздангаллехь компетенцеш кхуллучу йуккъерчу йукъарчу дешаран Іаморан системин коьртачу элементех цхьаъ йу. Цуьнан йукъарчу Іаморан системина йукъайаран кхачо йо гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца, къаьсттана «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предметаца йолчу чулацамечу уьйраша.

Ишколехь нохчийн мотт Іамор тІехьажийна ду дешархочун оьздангаллин а, коммуникативни а культура кхачаме йалорна а, цуьнан интеллектуальни а, кхолларалин а похІма, ойлайар, суртхІоттор, ша шен Іамор, ша кхочушден дешаран гІуллакх кхиорна а.

«Ненан (нохчийн) мотт» Іаморан коьрта дидактически единица текст йу. Дешархошна йозу текст хІотторан коьрта бакъонаш йовзийтаро лакхайоккхур йу церан къамелан оьздангалла, къаьсттана хІинцалерчу кегийрхошна мехала йолу. Текстаца бечу балхо таро хуьлуьйту меттан системин хІоттам а, меттан дакъойн, тІегІанийн уьйр а гІолехь ган, ткъа иштта Іамаво текстан чулацамах кхета а, цуьнан анализ йан а (тема, коьрта ойла, авторна хетарг, и. д. кх. а).

Къамелан тІекаренан материал Іаморан башхалла йу дахаран хІора дийнахь тІекаре хила Іамор: нохчийн меттан литературин норманаш ларйеш, шен ойланаш кхеташ, нийса, суртхІотторца йов- зийта хаар а, меттан суртхІотторан гІирсех пайдаоьцуш, къамел дан хаар а.

Іамийна материал карлайаккхар йукъарчу ишколехь ненан (нохчийн) меттан чулацаман курсан мехала дакъа ду. Ненан (нохчийн) маттахь хьалха Іамийнарг кхин а лакхарчу тІегІанехь мотт караберзоран коьрта бух хилла дІахІуттур ду – текстан, къамелан стилийн (къаьсттана Іилманан, публицистикин, исбаьхьаллин) тІегІанехь, дешархойн индивидуальни-къамелан стиль кхиоран а, маттах йукъара хаамаш караберзоран а тІегІанехь. Цу кепара материал йийцаро дуьззана довзуьйту меттан дакъойн маьІна а, меттан текст кхолларан таронаш, стилистически норманаш тидаме а оьцуш, дозучу къамелехь цара кхочушден гІуллакх а.

Дешаран предметан чулацам кхочушбан таро йу классал арахьарчу гІуллакхехь: экскурсеш, тематикин мероприятеш, къовсамаш, и. д. кх. а.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан Іалашо а, декхарш а

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан **Іалашо**

– меттан а, культурин а уьйр йовзийтарехь кхачойар, нохчийн меттан коммуникативни-эстетически таронех кхетар, нохчийн маттахь къамелан гІуллакхан тайпанаш, къамелан оьздангалла, коммуникативни карадерзарш кхачаме далор; меттан Іилманан дакъошца догІуш, нохчийн меттан башхаллех а, меттан коьртачу единицех а долу хаарш шордар; россин граждански цхьаалла, поликультурни йукъараллехь вовшех кхетаран говзалла кхиор.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан **декхарш**:

– гражданин а, патриот а кхетош-кхиор; нохчийн маттах нохчийн къоман синъоьздангаллин а, культурин а мехалла санна кхетам кхоллар; нохчийн меттан къоман шатайпаллех кхетар; нохчийн матте, цуьнгахула культуре а безам кхиор, иза бовза лаам кхоллар; нохчийн мотт Іалашбаран а, кхиоран а жоьпалла лакхадаккхар; Россин къаьмнийн культуре а, меттанашка а ларам кхиор; къаьмнашна йукъарчу тІекаренан культура карайерзор;

– маттах хьаьркийн кхуьуш йолчу системех санна кхетам кхоллар, ткъа иштта нохчийн литературин меттан стилех, исбаьхьаллин-суртхІотторан таронех, норманех кхетам кхоллар а;

– тIекаренан хьоле хьаьжжана, къамелан нийса анализ йаран хаарш карадерзор, шен меттахь а, нийса а, исбаьхьа а дешнех пайдаэцаре хьаьжжана, шен а, кхечеран а къамелан маххадор;

– шена хетарг тIечIагIдан а, барта, йозанан къамелехь иза говза схьаала а хаарш кхоллар;

– проектан а, лехаман а ойлайар кхиор, нохчийн маттахь лехаман болх кхочушбарехь зеделларг шардар, хаарш ша шена карадерзо Iамор.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан Герггарчу белхан программин коьрта чулацаме линиш

Программехь гайтина чулацаме ши лини.

Хьалхарчу чулацамечу линина («Мотт, маттах лаьцна йукъара хаамаш, меттан Iилманан дакъош») йукъадогIу дакъош, меттан дIахIоттор а, меттан дакъоша кхочушдечу гIуллакхан башхаллаш а гойтуш долу.

ШолгIа чулацаме лини («Къамел, къамелан тIекаре, къамелан оьздангалла») тIехьажийна йу къамелан тIекаренан карадерзарш кхетам болуш кхиорна.

Дешаран хьесапехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан меттиг

ЙЙД ФПДС-ца догIуш, «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет йукъайоьду «Ненан мотт а, литература а» предметан об-ластана, Iамо декхарийлахь йолу предмет а йу.

10–11 классашкахь «Ненан (нохчийн) мотт» предмет Iаморна билгалдаькхина дешаран шарахь кIиранах 1 сахьт (34 дешаран кIира): 10 классехь – 34 сахьт, 11 классехь – 33 сахьт. Шина шарахь Iаморан йукъара барам герггарчу хьесапехь 67 сахьт хир ду.

Дешаран хьукматан бакъо йу дешаран предмет Iамо лерина сахьтийн барам алсамбаккха дешаран гIуллакх кхочушдечу декъашхоша вовшахтоьхначу дешаран хьесапан декъера схьаэцначу сахьташца.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МОТТ» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

10 класс

Маттах лаьцна йукъара хаамаш

Нохчийн маттах йукъара хаамаш. Нохчийн меттан, литературин мотт. Ненан меттан маьIна а, цуьнан функцеш шорйар а.

Мотт а, къамел а. Къамел гIуллакх санна. Къамелан гIуллакхан тайпанаш: йешар, ладогIар, къамел дар, йаздар.

Меттан Iилманан дакъош

Лексикологи

Нохчийн меттан дешнийн хIоттам. Дош, цуьнан лексически а, грамматически а маьIна. Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш. Дешан нийса а, тIедеана а маьIна.

Синонимаш, омонимаш, антонимаш меттан исбаьхьаллин гIирсаш санна.

Массара а пайдаоьцу лексика а, кIезиг пайдаоьцу лексика а.

Ширйелла лексика: историзмаш а, архаизмаш а. Неологизмаш.

ТIеэцна лексика.

Нохчийн меттан дошамаш.

Фонетика. Орфографи (Іамийнарг карладаккхар)

Фонетикин коьрта дакъош: аз, дешдакъа, дош, фраза. Нохчийн меттан мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Мукъачу аьзнийн коьрта башхаллаш.

Нохчийн меттан мукъазчу аьзнийн классификаци.

Мукъачу а, мукъазчу элпийн нийсайаздар.

Орфографи. Нохчийн орфографин принципаш. Орфографи нийсайаздаран бакъонийн система санна.

Даккхий а, кегий а элпаш йаздар.

Дош сехьадаккхар.

Нийсайаздаран дошамаш.

Морфемика а, дошкхолладалар а

Морфемика а, дошкхолладалар а лингвистикин дакъош санна (карладаккхар, жамІдар). Орам а, цхьанаораман дешнаш а. Дешхьалхе. Суффикс. Дешан лард. Схьадевлла а, схьадовлаза а дешнаш.

Морфологи

Морфологи грамматикин дакъа санна. Морфологин коьрта кхетамаш.

Нохчийн маттахь къамелан дакъойн система. Коьрта а, гІуллакхан а къамелан дакъош.

ЦІердош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Долахь а, йукъара а цІердешнаш. ЦІердешнийн

грамматически категореш: терахь, дожар. ЦІердешнийн легар.

Чолхечу цІердешнийн нийсайаздар.

Билгалдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Билгалдешнийн кхолладаларан некъаш. Чолхечу билгалдешнийн нийсайаздар.

Терахьдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Шайн маьІне а, хІоттаме а хьаьжжана терахьдешнийн тайпанаш. Терахьдешнийн нийсайаздар.

ЦІерметдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Шайн маьІне а, хІоттаме а хьаьжжана цІерметдешнийн тайпанаш. ЦІерметдешнийн нийсайаздар.

Хандош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Цхьалхе а, чолхе а хандешнаш. Чолхечу хандешнийн кхолладаларан некъаш. ГІоьналлин хандешнаш. Хандешан хенаш. Хандешнийн нийсайаздар.

Куцдош: маьІна а, синтаксически гІуллакх. Куцдешнийн кхолладаларан некъаш. Чолхечу куцдешнийн нийсайаздар.

Причасти хандешан шатайпа кеп санна: маьІна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гІуллакх. Причастийн легар. Причастийн нийсайаздар.

Деепричасти хандешан шатайпа кеп санна: маьІна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гІуллакх. Деепричастийн нийсайаздар.

ГІуллакхан къамелан дакъош. ГІуллакхан къамелан дакъойн йукъара характеристика; гІуллакхан а, коьртачу а къамелан дакъошна йукъахь йолу башхаллаш.

ДештІаьхье гІуллакхан къамелан дакъа санна. ДештІаьхьенийн а, дешхьалхенийн а нийсайаздар.

Хуттург гІуллакхан къамелан дакъа санна. Хуттургийн нийсайаздар.

Дакъалг гIуллакхан къамелан дакъа санна. Шайн маьIне хьаьжжана дакъалгийн тайпанаш. Предложенехь дакъалгийн нийсайаздар.

Айдардош шатайпа къамелан дакъа санна. Шайн маьIне хьаьжжана аардешнийн тайпанаш. Айдардешнийн нийсайаздар.

11 класс

Маттах лаьцна йукъара хаамаш

Мотт а, халкъан истори а. Литературин мотт а, диалекташ а. Йукъараллехь литературин матто кхочушден гIуллакх.

Меттан Iилманан дакъош

Синтаксис

Синтаксис лингвистикин дакъа санна (карладаккхар, жамI дар).

Коьрта синтаксически дакъош.

Дешнийн цхьаьнакхетар. Дешнийн цхьаьнакхетарийн тайпанаш.

Предложенех кхетам балар. Предложенин коьрта билгалонаш. Предложенийн тайпанаш.

Цхьалхе предложени

Предложенийн тайпанаш, аларан Iалашоне а (дийцаран, хаттаран, тIедожоран), эмоцин билгалоне а (айдаран а, айдаран йоцу а) хьаьжжана. Церан интонацин а, маьIнин а башхаллаш.

Коьрта меженаш хиларе хьаьжжана, цхьалхечу предложенийн тайпанаш (шинахIоттаман, цхьанахIоттаман). ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш: билгала-йуьхьан, билгалза-йуьхьан, йукъара-йуьхьан, йуьхьза, цIеран.

Предложенин цхьанатайпана меженаш. Предложенин цхьанатайпанчу меженашкахь сацаран хьаьркаш.

Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш.

Предложенин шакъаьстина меженаш.

Йукъадало дешнаш, церан нийсайаздар.

ТIедерзар. ТIедерзаран коьрта гIуллакх. Даьржина а, даржаза а тIедерзар.

ХIаъ, хIан-хIа дешнашца йолчу предложенийн грамматически, интонационни, пунктуационни башхаллаш.

Чолхе предложени

Чолхечу предложенийн тайпанаш.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин дакъош вовшахтосу гIирсаш. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцар.

Чолхе-карара предложенеш. Карара хуттургаш а, хуттургийн дешнаш а.

ТIетухучу предложенийн тайпанаш.

Чолхе-карарчу предложенийн коьрта тайпанаш: кхачаман а, къастаман а, латтамийн а тIетухучу предложенешца йолу

чолхе-карара предложенеш.

Нохчийн маттахь тIетуху предложени хIотторан башхаллаш.

Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. Хуттургаш йоццу

чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш. Хуттургаш йоццу чолхечу предложенехь цIоьмалг а, цIоьмалгаца тIадам а. Хуттургаш йоццу чолхечу предложенехь шитIадам.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь тире.

Къамелехь хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех пайдаэцар.

Къамел, къамелан тIекаре, къамелан оьздангалла

Къамелан оьздангалла. Къамелан этикет.

Къамелан оьздангаллин коьрта аспекташ: нормативни, коммуникативни, этикин. Къамелан коммуникативни Iалашо хилар, шен меттахь, нийса, къаьсташ хилар. Коммуникативни дикаллин а, къамелан эвсараллин а маххадор.

Стилистика

Вайн заманан нохчийн меттан функциональни тайпанаш. Къамелан стилаш (карладаккхар, жамIдар). Буьйцу мотт а, исбаь хьаллин литературин мотт а.

Буьйцу мотт, цунах пайдаэцаран гуо, маьIна а. Буьйцучу меттан коьрта билгалонаш.

Исбаьхьаллин литературин мотт а, меттан кхечу функциональни тайпанех иза къаьсташ хилар а (карладаккхар, жамIдар). Исбаьхьаллин къамелан коьрта билгалонаш: васт хилар, меттан суртхIотторан гIирсех а, кхечу функциональни тайпанийн меттан гIирсех а шуьйра пайдаэцар.

КОЬРТАЧУ ЙУКЪАРЧУ ДЕШАРАН ТIЕГIАНЕХЬ «НЕНАН (НОХЧИЙН) МОТТ» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ

Йуккъерчу йукъарчу дешаран тIегIанехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iамийча, дешархошкахь кхиъна хир ду личностни а, метапредметни а, предметан а жамIаш.

Личностни жамIаш

Йуккъерчу йукъарчу дешаран нохчийн меттан Герггара белхан программа дешархоша карайерзоран личностни жамIашка кхочу йукъардешаран организацехь дешаран а, кхетош-кхиоран а гIуллакхийн цхьааллехь, ламасталлин социокультурни, синъоьздангаллин механлашца, йукъараллехь тIеэцначу низаман бакъонашца, норманашца догIуш а долуш, цул сов, жамIаша аьтто бо ша-шен довзарехь, ша-шен кхетош-кхиорехь, ша-шен кхиорехь, адаман чоьхьара хьелаш, патриотизм, граждански жоьпалла кхиорехь; законе а, бакъонан низаме а, къинхьегаман адаме а, баккхийчу нахе а ларам кхиорехь, ткъа иштта вовшашца лараме а, культурин тIаьхьалонца, Iаламца, шена гонахарчаьрца тидаме а хиларехь.

Йуккъерчу йукъарчу дешаран тIегIанехь нохчийн меттан Герггара белхан программа дешархоша карайерзоран личностни жамIаша гайта деза россин йукъараллин ламасталлин механлашца догIуш долчу кхолладеллачу чоьхьарчу хьелийн, механлех кхетаран системин, диканах тешна хиларан куьйгаллица болх бан дешархой кийча хилар, кхетош-кхиоран гIуллакхан коьрта некъаш кхочушдаран дахарехь а, гIуллакх дарехь а зеделларг совдаккхар, ткъа иштта хIокху дакъошкахь:

***граждански кхетош-кхиоран*:**

– дешархочун граждански позици россин йукъараллин жигарчу а, жоьпаллин а декъашхочун санна кхиор;

– шен конституционни бакъонех, декхарех кхетар, закон а, бакъонан низам а ларар;

– ламасталлин къоман а, адамийн йукъара гуманистически а, демократийн а мехаллаш тIеэцар (цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенийн тексташкахь гайтинчу хьелашца йогIурш а);

– граждански йукъараллин хьашташца догIуш, цхьаьна гIуллакх лело, ишколехь шайн урхаллехь а, берийн-кхиазхойн организацешкахь а дакъалаца кийча хилар;

– гуманитарни а, волонтерски а гIуллакхехь дакъалаца кийча хилар;

***патриотически кхетош-кхиоран*:**

– Нохчийн Республикин пачхьалкхан матто санна нохчийн матто дечу гIуллакхах кхетар;

– пачхьалкхан символшца, исторически а, Iаламан а тIаьхьалонца, хIолламашца, тIеман хьуьнаршца, халкъан къинхьегаман кхиамашца, Россин тайп-тайпанчу къаьмнийн ламасташца мехала йукъаметтигаш йолуш хилар;

– идейни тешна хилар, Даймехкан гIуллакх дан, иза ларбан кийча хилар, цунна хьалха жоьпалахь хилар;

***синъоьздангаллин кхетош-кхиоран*:**

– нохчийн къоман синмехаллех кхетар;

– гIиллакхе леларан норманаш, оьздангаллин кхетам кхиор;

– оьздангаллин мехаллаш а, норманаш а йовзарца хIоьттинчу хьолан мах хадо а, кхетам болуш, сацам бан а хаар;

– тешаме кхане дIахIотторехь ша лоцучу декъах кхетар;

– шен деца-ненаца йолчу йукъаметтигехь а, шен къоман ламасташца догIуш, доьзалан дахаран мехаллаш кхетамца тIеэцаран буха тIехь доьзал кхолларехь а жоьпалла хилар;

***эстетически кхетош-кхиоран*:**

– Iер-дахаран, Iилманан а, технически а кхолларалин, спортан, къинхьегаман, йукъараллин йукъаметтигийн эстетика йукъа а лоцуш, дуьненца эстетически йукъаметтиг хилар;

– шен а, кхечу а халкъийн искусствон тайп-тайпанчу кепех, ламастех, кхолларалех кхета а, искусствон эмоцин тIеIаткъам бовза а хаар;

– мехкан а, дуьненан а искусство адамна а, йукъараллина а маьIне хиларх тешар;

– искусствон тайп-тайпанчу кепашкахь ша-шен гайта кийча хилар, кхолларалин адаман дикалла гайта гIертар (цу йукъахь нохчийн маттахь кхолларалин белхаш кхочушбеш а);

***физически кхетош-кхиор*:**

– дахаран могаш, кхерамза кеп а, шен могашаллина жоьпаллехь хилар а кхиор а;

– физически кхачаме хилар а, спортаца могашалла тойаран гIуллакх а хьашт хилар;

– зене марздаларш, физически а, синIаткъаман а могашаллина зене йолу кхин тайпа кепаш тIецаэцар;

***къинхьегаман кхетош-кхиоран*:**

– къинхьегамна кийча хилар, говзаллин, болх безаран мехаллех кхетар;

– корматаллин гIуллакхан тайп-тайпана сфераш Iамо дог дар, цу йукъахь филологийн, журналистийн, йаздархойн гIуллакхан а; хин йолу корматалла хьекъалца къасто а, шен дахаран планаш кхочушйан а хаар;

– шен дерриг дахарехь деша а, ша деша а кийча хилар а, хьуьнар хилар;

***Экологин кхетош-кхиоран*:**

– экологин культура кхиар, Iаламан а, социальни а гонан хьолана социальни-экономически процессаша бечу Iаткъамах а, экологин проблемаш йаккхий хиларх а кхетар;

– йукъаралла чIогIа кхиаран Iалашонаш хааран буха тIехь шена гонахарчу хьолехь дан дезачун план хIоттор а, иза кхочушдар а;

– гонахарчарна зуламе болу ардамаш тIецаэцар; дан леринчун экологина зене йолу тIаьхьалонаш билгалйаха а, уьш ца хилийта а хаар;

***Iилманан довзаран мехаллин*:**

– Iилма, йукъараллин практика кхиаран хIинцалерчу тIегIанца йогIуш а, поликультурни дуьненахь ша дIалоцучу меттигах кхетош а йолу культурин диалоган буха тIехь кхоллайелла дог-ойла кхиар;

– меттан а, йешаран а культура адамашна йукъахь зIе хиларан а, дуьне довзаран а гIирс санна кхачаме йалор;

– Iилманан гIуллакхан мехаллех кхетар, дешаран-лехаман а, проектан а гIуллакх (цу йукъахь нохчийн маттахь а, тобанехь а, ша а) кхочушдан кийча хилар.

Метапредметни жамIаш

Универсальни довзаран ардамаш караберзор

***Коьрта логически ардамаш*:**

– проблема а, цуьнан мехалла а ша билгалйаккха, массо агIор иза къасто;

– меттан дакъош, меттан хиламаш а, процессаш а, меттан тайп-тайпанчу функциональни тайпанийн, функциональни-маьIнин тайпанийн, жанрийн тексташ йустаран а, церан классификаци йаран а, жамIдаран а ладаме билгало йа бахьана билгалдаккха;

– проблема къасторан план хIотто, материальни а, материальни йоцчу а ресурсийн анализ тидаме а оьцуш;

– дахаран проблемаш къасторехь креативни ойлайар кхио, шен къамелан, йешаран зеделларг тидаме а оьцуш.

***Коьрта лехаман ардамаш*:**

– дешаран-лехаман, проектан гIуллакхан а (цу йукъахь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iаморан контекстехь а), дешаран декхарш кхочушдаран кепаш ша лаха кийча хиларан а, довзаран тайп-тайпанчу кепех пайдаэцаран а карадерзарш кхио;

– дешаран гIуллакхехь а, дахаран тайп-тайпанчу хьелашкахь а шен декхарш хIитто а, кепе дало а;

– декхар а, цуьнан мехалла а билгалйаккха, гипотеза йало, шен тIечIагIдаршна тешалла дало;

– керлачу хьелийн, карадирзинчу зеделлачун мах хадо;

– хаарш дахаран практически областе дехьадаха а, ардаман карабирзина гIирсаш, кепаш корматаллин гоне дехьайаха а хаа;

– керла идейш, шатайпа некъ бало а, проблемаш къасторан кхин кеп ала а;

***Хаамца болх бар*:**

– хааман декхар, Іалашонан аудитори тидаме а оьцуш, йовзийтаран а, гайтаран а уггар гІолехь йолу кеп (презентацеш, таблицаш, схемаш) харжарца тайп-тайпанчу барамашкахь тексташ кхолла;

– хааман бакъхиларан а, бакъонийн, оьздангаллин норманашца иза богІуш хиларан а мах хадо;

– коммуникативни а, вовшахтохаран а декхарш кхочушдарехь хаамийн а, коммуникационни а гІирсех пайдаэца, кхерамзаллин техника, гигиена, бакъонийн а, оьздангаллин а норманаш, хаамийн кхерамзалла ларйеш.

Универсальни коммуникативни ардамаш караберзор

***ТІекаре*:**

– тІекаренан ишарш йаран гІирсех пайдаэца, йукъараллин хьаьркийн маьІнех кхета, къовсаме хьелаш кхолладаларан бахьанаш довза а, къовсамаш малбан а;

– тІекаренан а, адамашна йукъахь зІе хиларан а тайп-тайпана кепаш карайерзо; тІечІагІдарш далорца диалог дІайа- хьа;

– къамелан оьздангалле хьаьжжана, шена хетарг даьржина, хьекъале, оьзда ала а, къамел дІахІотто а.

***Цхьаьна гІуллакхдар*:**

– тобанца а, ша а бен болх гІолехь хиларх кхета а, цунах пайдаэца а;

– цхьаьна дечу гІуллакхийн теманаш, кепаш харжа, коллективан хІора декъашхочун йукъара лаамаш, таронаш тидаме а оьцуш;

– цхьаьна гІуллакх даран Іалашонаш йуьхьарлаца, цу Іалашонашка кхача цхьаьна ардамаш вовшахтоха а, царна йукъа уьйр таса а: ардамийн план хІотто, декъашхошна хетарг тидаме а оьцуш, декхарш дІасадекъа, цхьаьна бечу белхан жамІаш дийцаре дан;

– йукъарчу жамІе кхача ша лаьцначу декъан а, тобанан хІора декъашхочо лаьцначу декъан а дикаллин мах хадо хІиттийнчу критерешца;

– керла проекташ йала; кхолляраллин говзалла а, жигаралла а гайта.

Универсальни регулятивни ардамаш караберзор

***Ша-шен вовшахтохар*:**

– довзаран гІуллакх ша кхочушдан, проблемаш гучуйаха, дешаран гІуллакхехь а, дахаран тайп-тайпанчу хьелашкахь а шен декхарш хІитто а, кепе дало а;

– проблема къасторан план ша хІотто, йолу ресурсаш, шен таронаш, шена бакъахь хетарг тидаме а оьцуш;

– кхетам болу харжам бан, иза тІечІагІбан хаа, харжаман жамІех жоьпалла тІеэца;

– карадирзинчу зеделлачун мах хадо;

– шен дешаран а, культурин а тІегІа даим лакхайаккха.

***Ша-шен таллар*:**

– керлачу хьелийн мах хадо, гІуллакх дарехь хийцамаш йукъабало, жамІаш Іалашонашца догІуш хиларан мах хадо;

– довзаран рефлексин хаарш кхочушбечу ардамех а, ойлайаран процессех а, церан жамIех а кхетар санна карадерзо; хьолан мах хадорехь а, нийса сацам харжарехь а рефлексин кепех пайдаэца;

– кхерамийн мах хадо а, уьш лахбан шен хеннахь сацам тIеэца хаа.

***Ша а, кхиберш а тIеэцар*:**

– шен кхачамбацарех, дикаллех кхета а кхеташ, ша тIеэцар;

– гIуллакхан жамIийн анализ йарехь кхечу адамийн бахьанаш а, тIечIагIдарш а тIеэца;

– ша а, кхиверг а гIалатвала бакъо йолуш хиларх кхета;

– кхечу стагах а, цунна хетачух а кхеташ хила.

Предметан жамIаш

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iаморан процессехь 10–11 классашкахь арахецархо Iемар ву:

– адаман, йукъараллин, пачхьалкхан дахарехь ненан матто кхочушден гIуллакх къасто;

– тайп-тайпанчу кепашкахь а, муьлххачу темина а нохчийн маттахь паргIат къамел дан;

– шен халкъан культура лелорг санна нохчийн мотт ларбан;

– адаман меттан, литературин, интеллектан, синъоьздангаллин кхиарна а, цуьнан социальни кхиарна а йукъахь йолу уьйр чIогIа хиларх кхета;

– шен халкъан ламастийн а, цо кхочушдечун а декъах хилар хаадала, тIаьхьенаша истори кар-кара йаларх кхета;

– меттан хьолах паргIат пайдаэца, барта а, йозанан а къамелан норманашца, къамелан оьздангаллин бакъонашца догIуш, функциональни таронех кхачам боллуш пайдаэцарца нохчийн литературин мотт караберзоран культура кхио;

– системех а, кхуьуш болчу хиламах а санна нохчийн маттах, цуьнан тIегIанех а, дакъойх а, цо дечу гIуллакхан бакъонийн низамах долу хаарш карладаха;

– къамелан практикехь нохчийн меттан норманех пайдаэца;

– нохчийн маттах долу Iилманан хаарш системе дало, нохчийн меттан лингвистикин коьртачу кхетамех, коьртачу дакъойх, грамматикин категорех пайдаэца;

– дешан тайп-тайпанчу кепехь анализ (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин а, дешнийн цхьаьнакхетаран а синтаксически анализ йан;

– нохчийн меттан фразеологин а, лексикин а коьрта стилистикин ресурсаш, нохчийн меттан коьрта норманаш (орфоэпин, лексикин, грамматикин, орфографин, пунктуацин), къамелан оьздангаллин норманаш карайерзо; къамелан практикехь барта а, йозанан а аларш кхолларехь царах пайдаэцар шардан; къамел кхачаме дало гIерта;

– адамийн йукъарчу мехаллех санна меттан оьздангаллех жоьпалла кхио.

XIора классан предметан жамIаш

10 класс

Дешархо Iемар ву:

– нохчийн меттан маьIнех а, цо кхочушден гIуллакх доккха хиларх а кхето;

– нохчийн гIарабевллачу меттан Iилманчийн цIераш йаха;

– меттан а, къамелан а кхетам къасто; къамелан гIуллакхан тайпанаш билгалдан (йешар, ладогIар, дийцар, йаздар), монологически а, диалогически а къамелан башхаллаш билгалйаха;

– нохчийн литературин маттахь къамел дан а, йаздан а;

– дешан лексически маьIнех тайп-тайпанчу кепашца кхето (цхьанаораман дешнаш далор; синонимаш, антонимаш йалор; контексте хьаьжжана а, маьIнин дошаман гIоьнца а дешан маьIна къастор);

– къамелехь дешнаш дало, церан лексически цхьаьнадар тидаме а оьцуш;

– къамелехь грамматически синонимех, церан стилистикин а, маьIнин а таронех пайдаэца;

– тайп-тайпанчу дошамех пайдаэца;

– коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъойн морфологически къастам бан, йукъарчу грамматически маьIнийн, коьртачу къамелан дакъойн морфологически билгалонийн башхаллаш билгалйаха, церан синтаксически гIуллакх къасто;

– къамелан дакъойн грамматически маьIнаш, синтаксически гIуллакх къасто;

– йозанан практикехь орфографин а, пунктуацин а коьрта бакъонаш ларйан, къамелехь вайзаманан нохчийн меттан коьрта лексически, грамматически, аларан норманаш ларйан;

– исбаьхьаллин текстaшкахь а, публицистикехь а къоман ламасталлин синъоьздангаллин мехаллаш гойту лексика йовза.

11 класс

Дешархо Iемар ву:

– меттан историца а, нохчийн, кхечу къаьмнийн культурица а йолчу уьйрех кхета;

– лингвистически дошамийн гIоьнца (маьIнин, этимологически, и. д. кх.) деллачу лексически дакъойн маьIнаш билгалдан; шайна чохь къоман культура а, истори а гайтаре хьаьжжана, фразеологизмех кхето (Iамийнчун барамехь);

– йукъараллин дахарехь нохчийн литературин матто дечу гIуллакхах кхета;

– цхьаъ йа шиъ коьрта меже хиларе хьаьжжана, предложенийн тайпанаш къасто;

– предложенийн хIоттаман-маьIнин анализ йан, Iамийнчу цхьалхечу предложенийн тайпанаш къасто;

– чолхейаьлла предложенеш, шакъаьстинчу коьртазчу меженашца, тIедерзаршца, йукъадалочу дешнашца йолу предложенеш къасто, цаьргахь сацаран хьаьркаш нийса хIитто;

– шакъаьстинчу меженашца, тIетухучу дакъошца йолу предложенеш нийса хIитто;

– цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш къасто;

– чолхечу предложенин тайпа къасто;

– тIекаренан тайп-тайпанчу гонехь къамелан оьздангаллин башхаллаш хаа а, ларйан а;

– къамелан коммуникативни дикаллин а, эвсараллин а анализ йан;

– нохчийн меттан функциональни тайпанех кхетам хила;

– къамелан практикехь меттан функциональни тайпанех долчу хаарех пайдаэца;

– буьйцучу меттан, исбаьхьаллин литературин меттан коьртачу билгалонех кхетам хила;

– ненан меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэца;

– тайп-тайпанчу хьостанашкара оьшу хаам схьахаржа, шен а, анализ йан йеллачу текстaшкахь къамелан гIалаташ схьакаро а, нисдан а, тайп-тайпана текстaш хIитто.

ТЕМАТИКИН ХЬЕСАПДАР

Белхан программа кхочушйарехь тематикин хьесапехь тидаме эцна хила йеза дешаран-методикин материалаш хуьлучу электронни дешаран ресурсех пайдаэцаран таронаш (нохчийн электронни ишкол, мультимедийни программаш, электронни учебникаш а, гIо-Iаматаш а, электронни библиотекаш
ловзаран программаш, электронни дошамаш (масала, «ДикДошам»), цифрийн дешаран ресурсаш гулйар, и. д. кх.), пайдаэцархойн тайп-тайпана тобанаш Iаморехь а, кхетош-кхиорехь а пайдаоьцуш а, электронни (цифрийн) кепехь гайтина а, информационни-коммуникацин технологийн дидактикин таронаш кхочушйеш а йолу (Йуххедиллар).

Теманаш а, дакъош а Iаморна лерина сахьтийн барам балийна герггарчу хьесапехь. Теманаш Iаморан рагI хийца йиш йу цхьана классан гурашкахь.

10 класс – 34 с.

Тема, курсан дакъа	Программин чулацам	Сахьтийн барам	Дешархойн гIуллакхан коьрта тайпанаш
Маттах лаьцна йукъара хаамаш	Нохчийн маттах йукъара хаамаш. Нохчийн меттан, литературин мотт. Ненан меттан маьIна а, цуьнан функцеш шорйар а. Мотт а, къамел а. Къамел гIуллакх санна. Къамелан гIуллакхан тайпанаш: йешар, ладогIар, къамел дар, йаздар	1	Меттан историца а, нохчийн, кхечу къаьмнийн культурица а йолчу уьйрех кхета. «Нохчийн мотт кхиаран историн характеристика» темина докладаш, рефераташ кхолла. «Мотт а, къамел а» кхетамийн маьIна довзийта тобанашкахь болх бар; матте болчу коьртачу лехамех, барта а, йозанан а къамелан, къамелан тайпанийн, къамелан стилийн башхаллех кхетам бала. TIекаренан гIирс санна ненан меттан маьIнех а, тайп-тайпанчу хьелашкахь, тIекаренан гонехь къамел даран норманаш карайерзоран мехаллех а лаьцна дешаран диалогехь дакъалаца. Къамелан диалоган а, монологан а кепаш йуста. «Нохчийн мотт ларбаран некъаш» темина проектан болх. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. ДикДошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/

Меттан Іилманан дакъош. Лексикологи	Нохчийн меттан дешнийн хІоттам. Дош, цуьнан лексически а, грамматически а маьІна. Цхьа маьІна долу а, дукха маьІнаш долу а дешнаш. Дешан нийса а, тІедеана а маьІна. Синонимаш, омонимаш, антонимаш меттан исбаьхьаллин гІирсаш санна. Массара пайдаоьцу лексика а, кІезиг пайдаоьцу лексика а. Ширйелла лексика: историзмаш а, архаизмаш а. Неологизмаш. ТІеэцна лексика. Нохчийн меттан дошамаш	4	Дешан лексически маьІнех кхето тайп-тйпанчу кепашца (цхьанаораман дешнаш харжар; синонимаш, антонимаш харжар; контексте хьаьжжана а, маьІнин дошаман гІоьнца а дешан маьІна къастор). Къамелехь дешнех пайдаэца, церан лексически цхьаьнадар тидаме а оьцуш. Цхьа маьІна долу а, дукха маьІнаш долу а дешнаш довза. Нохчийн а, тІеэцна а дешнаш довза. Тайп-тайпанчу лексически дошамашкахь (маьІнин дошамашкахь, синонимийн, антонимийн, омонимийн дошамашкахь) оьшу хаам каро а, цунах пайдаэца а. Классехь «Синонимийн зІе» ловзар-къовсамехь шишша цхьаьна болх бан. Дешнийн лексически анализ йан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) Нохчийн меттан лексикин-семантикин тезаурус //URL: http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/; 2) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 3) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дик-Дошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Фонетика. Орфографи	Фонетикин коьрта дакъош: аз, дешдакъа, дош, фраза. Нохчийн меттан мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Мукъачу аьзнийн коьрта башхаллаш. Нохчийн меттан мукъазчу аьзнийн классификаци. Мукъачу а, мукъазчу элпийн нийсайаздар. Орфографи. Нохчийн орфографин принципаш. Орфографи нийсайаздаран бакъонийн система санна. Даккхий а, кегий а элпаш йаздар. Дош сехьадаккхар. Нийсайаздаран дошамаш	4	Нохчийн меттан фонетикин, орфографин башхаллех хьалха карадерзийнчу хаарийн жамІ деш, тобанехь болх бан. Нохчийн маттахь мукъазчу а, мукъачу а аьзнийн башхаллаш гучуйаха а, царах кхето а. Дешнийн нийсайаздарх кхето. Хьалха Іамийна орфографин коьрта бакъонаш ларйан. Орфографин норманаш ларйаре хьаьжжана, йозанан аларийн мах хадош, шишша цхьаьна болх бан. «Орфографически бакъонаш стенна оьшу?» диспутехь дакъалаца. Нохчийн маттахь башхачу текстийн кийсакашка ладогІа, церан чулацамах кхоччуш кхетаран Іалашонца, хезнарг схьадийца (доцца схьадийцар).

			Нийсайаздаран дошамашца болх бан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дик-Дошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Морфемика а, дошкхоллар а	Морфемика а, дошкхоллар а лингвистикин дакъ-ош санна (карладаккхар, жамIдар). Орам а, цхьа-наораман дешнаш а. Дешхьалхе. Суффикс. Де-шан лард. Схьадевлла а, схьадовлаза а дешнаш	4	Нохчийн меттан дошкхолладаларан башхаллех хьалха кара-дерзийнчу хаарийн жамI деш, тобанехь болх бан. Дошкхол-ладаларан анализна тIе а тевжаш, дешнийн маьIнех кхето. Дошкхолладаларх долчу хаарех пайда а оьцуш, дешнийн нийсайаздарх кхето. Дошкхолладаларан, дешнийн кеп хийцаран морфемаш а, до-шкхолладаларан некъаш а къасто. Дошкхолладаларан некъ билгалбоккхуш, дешан хIоттам къа-стош, шишша цхьаьна болх бан. Йеллачу темина диалогаш хIиттош, шишша цхьаьна болх бан. «Дешан хIоттам» темина проектан болх. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дик-Дошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/

Морфологи	Морфологи грамматикин дакъа санна. Морфологин коьрта кхетамаш. Нохчийн маттахь къамелан дакъойн сис- тема. Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъош. ЦIердош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Долахь а, йукъара а цIердешнаш. ЦIердешнийн грамматически категореш: терахь, дожар. ЦIердешнийн легар. Чолхечу цIердешнийн нийсайаздар	2	Къамелан дакъойн грамматически маьIнаш къасто. Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъош къасто. Нохчийн меттан морфологин коьртачу кхетамех хьалха карадерзийнчу хаарийн жамI деш, тобанехь болх бан. Къамелан дакъойх долчу хаарех пайда а оьцуш, къамелан аларийн анализ йан а, мах хадо а. Морфологически норманаш ларйаре хьаьжжана, аларийн (цу йукъахь шен а) мах хадо, уьш нисдан а. ЦIердешнех пайдаэцаран коьрта норманаш ларйан. ЦIердешнийн терахь, дожар, легаран тайпа къасто. ЦIердешнийн кепаш кхоллайаларан а, царах пайдаэцаран а башхаллаш билгалйан, церан анализ йан. Предложенешкахь цIердешнийн синтаксически гIуллакхаш къастош, шишша цхьаьна болх бан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. ДикДошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Билгалдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Билгалдешнийн кхолладаларан некъаш. Чолхечу билгалдешнийн нийсайаздар	2	Билгалдешан морфологически билгалонийн анализ йеш а, церан башхаллаш билгалйохуш а, билгалдешан синтаксически гIуллакх къастош а, тобанехь болх бан. Мухаллин а, йукъаметтигаллин билгалдешнаш къасто. Къамелан тайп-тайпанчу стилашкахь билгалдешнех пайдаэцаран башхаллаш тидаме эца. Билгалдешнийн кхолладаларан некъаш къасто. Диалогашкахь чолхечу билгалдешнех пайдаэца. Предложенешкахь билгалдешнийн синтаксически гIуллакхаш къастош, шишша цхьаьна болх бан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/;

			2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дик-дошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Терахьдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Шайн маьIне а, хIоттаме а хьаьжжана терахьдешнийн тайпанаш. Терахьдешнийн нийсайаздар	2	Терахьдешан морфологически билгалонийн анализ йан, церан башхаллаш билгалйаха, терахьдешнийн синтаксически гIуллакх къасто. Шайн маьIне а, хIоттаме а хьаьжжана, терахьдешнийн тайпанаш довза. Терахьдешнийн нийсайаздаран норманаш ларйан. Къамелехь терахьдешнех пайдаэца. Терахьдешнех пайда а оьцуш, йеллачу темина диалог хIотто. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/
	ЦIерметдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Шайн маьIне а, хIоттаме а хьаьжжана цIерметдешнийн тайпанаш. ЦIерметдешнийн нийсайаздар	1	ЦIерметдешнийн морфологически билгалонийн анализ йан, церан башхаллаш билгалйаха, цIерметдешнийн синтаксически гIуллакх къасто. ЦIерметдош кхечу къамелан дакъошца дустуш, тобанехь болх бан. Предложенешна а, текстан дакъошна а йукъа уьйр тосуш, цIерметдешнаш дало а, маттахь тIечIагIйинчу оьздангаллин норманашца догIуш, къамелехь цIерметдешнех пайдаэца а. ЦIерметдешнийн легаран башхаллаш билгалйан. Литературин норманаш, стилаш ларйеш, предложенешкахь цIерметдешнех пайдаэца. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/

	Хандош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Цхьалхе а, чолхе а хандешнаш. Чолхечу хандешнийн кхолладаларан некъаш. Гӏоьналлин хандешнаш. Хандешан хенаш. Хандешнийн нийсайаздар	2	Хандешан маьӏна, цуьнан морфологически билгалонаш, синтаксически гӏуллакх къастош, диалогехь дакъалаца. Хандешан хӏора а хенан маьӏнаш къасто, хандеш- наш карарчу, йаханчу, йогӏучу хенашца хийца. Цхьалхе а, чолхе а хандешнаш къастош, шишша цхьаьна болх бан. Гӏоьналлин хандешнийн гӏоьнца чолхе хандешнаш кхолла. Хандешнийн нийсайаздаран норманаш ларйан. Хаамийн литературица болх бан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/
	Куцдош: маьӏна а, синтаксически гӏуллакх а. Куцдешнийн кхолладаларан некъаш. Чолхечу куцдешнийн нийса- йаздар	1	Куцдешан маьӏна а, цуьнан морфологически билгалонаш а, синтаксически гӏуллакх а къасто. Чолхечу куцдешнийн кхолладаларан некъаш дийца. Шишша цхьаьна болх беш, куцдешнийн цхьаьна а, дефисца а йаздар къасто. Куцдешнех пайда а оьцуш, барта аларш хӏитто. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дикдошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Причасти хандешан шатайпа кеп санна: маьӏна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гӏуллакх а. Причастийн легар. Причастийн нийсайаздар. Деепричасти хандешан шатайпа кеп санна: маьӏна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гӏуллакх а. Деепричастийн нийсайаздар	1	Причастин морфологически билгалонийн анализ йан, церан башхаллаш билгалйаха, причастин синтаксически гӏуллакх къасто. Причастехь йолу хандешан а, билгалдешан а грамматически билгалонаш къастош, «хаттар – жоп» кепехь шишша цхьаьна болх дӏабахьа. Литературин норманаш, стилаш ларйеш, предложенешкахь причастех пайдаэца. Деепричастин маьӏна а, морфологически билгалнаш а, синтаксически гӏуллакх а къасто.

			Причастийн, деепричастийн нийсайаздаран норманаш ларйан. Деепричастеш, причастеш къасто а, деепричастеш, куцдешнаш къасто а. Деепричастешца а, деепричастин карчамашца а цхьалхе предложенеш хIитто. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/
	ГIуллакхан къамелан дакъош. ГIуллакхан къамелан дакъойн йукъара характеристика; гIуллакхан а, коьртачу а къамелан дакъошна йукъахь йолу башхаллаш. ДештIаьхье гIуллакхан къамелан дакъа санна. ДештIаьхьенийн а, дешхьалхенийн а нийсайаздар. Хуттург гIуллакхан къамелан дакъа санна. Хуттургийн нийсайаздар. Дакъалг гIуллакхан къамелан дакъа санна. Шайн маьIне хьаьжжана дакъалгийн тайпанаш. Предложенехь дакъалгийн нийсайаздар.	3	ГIуллакхан къамелан дакъош довза, гIуллакхан а, коьртачу а къамелан дакъошна йукъахь йолу башхаллаш йийца. ДештIаьхьенаш а, дешхьалхенаш а къасто. Нийсайаздаран норманаш лар а йеш, йозанан а, барта а къамелехь ДештIаьхьенах пайдаэца. Хуттургийн тайпанаш къасто. Хуттургийн нийсайаздаран норманаш ларйан. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь хуттургех пайдаэца. Iамийнчу хуттургашца йолчу конструкцех пайда а оьцуш, монологан аларш хIитто. Дакъалгаш йовза а, шайн маьIне а, предложенехь дечу гIуллакхе а хьаьжжана, уьш къасто а, кхечу гIуллакхан къамелан дакъойх дакъалгаш къасто а. Дакъалгийн нийсайаздаран норманаш ларйан. ГIуллакхан къамелан дакъойх пайда а оьцуш, тайп-тайпанчу хьелийн диалогаш хIитто. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/

	Айдардош шатайпа къамелан дакъа санна. Шайн маьIне хьаьжжана айдардешнийн тайпанаш. Айдардешнийн нийсайаздар	1	Шайн маьIне хьаьжжана, айдардешнаш довза. Тайп-тайпана синхаамаш гайтархьама шен къамелехь айдар-дешнех пайдаэца. Айдардешнийн нийсайаздаран норманаш ларйан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/

11 класс – 33 с.

Тема, курсан дакъа	Программин чулацам	Сахьтийн барам	Дешархойн гIуллакхан коьрта тIипанаш
Маттах лаьцна йукъара хаамаш	Мотт а, халкъан истори а. Литературин мотт а, диалекташ а. Йукъараллехь литературин матто кхочушден гIуллакх	2	Нохчийн меттан халкъан культурица, историца йолу уьйр хат-тарийн а, жоьпийн а гIоьнца билгалйоккхуш, тобанехь болх бан. Текстийн анализ йан, йешначу а, ладоьгIначу а текстан план хIотто. TIекаренехь къамелан оьздангаллин механлех, нохчийн мет-тан хазаллех, хьолах, исбаьхьаллех лаьцна йолчу текстан хаамаш хийца. Адаман дахарехь а, йукъараллехь а литературин матто кхо-чушдечу гIуллакхах лаьцна диалог дIа- йахьа. Диалектизмаш литературин дешнашца йогIуш хилар билгал-даккха. Нохчийн халкъан оьздангаллин механлех санна нохчийн маттах барта хаам бан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дик-Дошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/

Синтаксис	Синтаксис лингвистикин дакъа санна (карладаккхар, жамIдар). Коьрта синтаксически дакъош. Дешнийн цхьаьнакхетар. Дешнийн цхьаьнакхетарийн тайпанаш. Предложенех кхетам балар. Предложенин коьрта билгалонаш. Предложенийн тайпанаш. Предложенийн тайпанаш, аларан Iалашоне а, эмоцин билгалоне а хьаьжжана. Дийцаран, хаттаран, тIедожоран; айдаран а, айдаран йоцчу а предложенийн маьIнин а, интонацин а башхаллаш. Коьрта меженаш хиларе хьаьжжана, цхьалхечу предложенийн тайпанаш (цхьанахIоттаман, шинахIоттаман). ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш: билгала-йуьхьан, билгалза-йуьхьан, йукъара-йуьхьан, йуьхьза, цIеран. Предложенин цхьанатайпана меженаш. Предложенин цхьанатайпанчу меженашкахь сацаран хьаьркаш. Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш. Предложенин шакъаьстина меженаш. ТIедерзар. ТIедерзаран коьрта гIуллакх. Даьржина а, даржаза а тIедерзар. Йукъадало дешнаш, церан нийсайаздар. *Хlаъ, хlан-хlа* дешнашца йолчу предложенийн грамматически, интонационни, пунктуационни башхаллаш	11	Нохчийн меттан синтаксисан коьртачу кхетамех а, синтаксисан грамматикин кхечу дакъошца йолчу уьйрех а хьалха карадерзийнчу хаарийн жамI деш, тобанехь болх бан. Дешнийн цхьаьнакхетарш а, предложенеш а йовза. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш къасто. Аларан Iалашоне а, эмоцин билгалоне а хьаьжжана, предложенеш а йовза, предложенийн маьIнин а, интонацин а башхаллаш билгалйаха. Коьрта меженаш хиларе хьаьжжана, цхьалхечу предложенийн тайпанаш (цхьанахIоттаман, шинахIоттаман) къасто. «ЦхьанахIоттаман предложенех пайдаэцаран башхаллаш» темина йолчу дискуссехь дакъалаца. «ХIинцалерчу нохчийн поэзехь цIеран предложенеш» темина проектан болх. Предложенин цхьанатайпанчу меженийн билгалонаш йийца. Цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманех пайдаэца. Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш билгалбаха. Цхьанатайпанчу а, цхьанатайпана боцчу а къастамех пайда а оьцуш, тайп-тайпана монологаш хIитто. Предложенин шакъаьстинчу меженийн тайпанаш къасто. Тайп-тайпанчу шакъаьстинчу меженашца предложенеш хIитто. Даьржина а, даржаза а тIедерзарш къасто. Даьржинчу а, даржазчу а тIедерзаршца предложенеш хIиттош, шишша цхьаьна болх бан. Йукъадалочу дешнийн нийсайаздаран норманаш ларйан. Йукъадалочу дешнашца а, тIедерзаршца а йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъо къасто а, предложенин анализ йан а. *Хlаъ, хlан-хlа* дешнашца йолчу предложенийн грамматически, интонационни, пунктуационни башхаллаш билгалйаха.

			Цхьалхечу предложенина синтаксически таллам бан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дик-Дошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Чолхечу предложенийн тайпанаш. Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин дакъош во-вшахтосу гIирсаш. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш. Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложе-нех пайдаэцар	2	Чолхечу предложенийн тайпанаш довза. Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш хIиттор нийса хиларан мах хадош, чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш хIитторан синтаксически норманаш талхор гучу а доккхуш, шишша цхьаьна болх бан. Тайп-тайпанчу стилийн а, жанрийн а текстaшкахь, исбаь-хьаллин текстехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцаран башхаллаш йийца. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманех пайдаэца. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенина синтаксически таллам бан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дик-Дошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Чолхе-карара предложенеш. Карара хуттургаш а, хуттургийн дешнаш а. Чолхе-карарчу предложенийн коьрта тайпа-наш: кхачаман, къастаман, латтамийн тIетуху-чу предложенешца йолу чолхе-карара предло-	4	Къастаман, кхачаман, латтамийн (хенан, бахьанин, даран суьртан, бараман, бехкаман, lалашонан) тIетухучу предложе-нешца йолчу чолхе-карарчу предложенийн тайпанаш довза. Чолхе-карарчу предложенехь коьрта а, тIетуху а дакъош къа-

	женеш. Нохчийн маттахь тӏетуху предложени хӏотто-ран башхаллаш		стош, шишша цхьаьна болх бан. Чолхе-карарчу предложенин дакъошна йукъара маьӏнийн уьйраш а, уьш билгалйахаран гӏирсаш а къасто, цхьана а, масех а тӏетухучуьнца йолчу чол- хе-карарчу предложенийн схемаш хӏитто. Нохчийн маттахь тӏетуху предложени хӏотторан башхаллаш билгалйаха. Тобанашкахь болх: йеллачу схемашца предложенеш хӏиттор. Чолхе-карарчу предложенина синтаксически таллам бан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. Дик-Дошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. Хуттур-гаш йоцчу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложе-нехь цӏоьмалг а, цӏоьмалгаца тӏадам а. Хуттур-гаш йоцчу чолхечу предложенехь шитӏадам. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь тире. Къамелехь хуттургаш йоцчу чолхечу предло-женех пайдаэцар	3	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенийн синтаксически хӏот-таман а, хуттургаш йоцчу чолхечу предложенийн дакъошна йукъарчу маьӏнийн уьйрийн а анализ йан, церан башхаллаш билгалйаха. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь пунктуацин бакъо-наш ларйан (цӏоьмалг, цӏоьмалгаца тӏадам, шитӏадам, тире). Синтаксически конструкцех нийса а, шен меттахь а, суртхӏот-тош а пайдаэцаре хьаьжжана, шен а, кхече- ран а къамелан мах хадо. Ойла нийса гайтархьама а, къамелан исбаьхьалла лакхайакк-хархьама а синонимически конструкцех пайдаэца. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенина синтаксически тал-лам бан. Чолхечу предложенийн тайпанаш дуста. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. ДикДо-шам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/

Къамел, къамелан тIекаре, къамелан оьздангалла	Къамелан оьздангалла. Къамелан этикет. Къамелан оьздангаллин коьрта аспекташ: нормативни, коммуникативни, этикин. Къамелан коммуникативни Iалашо хилар, нийса, шен меттахь, къаьсташ хилар. Коммуникативни дикаллин а, къамелан эвсараллин а маххадор	1	Пачхьалкхан истори а, культура а йовзарехь ненан мотт Iамор пайдехь хилар гойту масалш далош, тобанехь болх бан. «Нохчийн къамелан оьздангаллин башхаллаш» темина проектан болх. Тайп-тайпанчу хенах, социальни статусах болчу нахаца къамел дIадахьа диалогаш хIитто. Культурашна йукъарчу коммуникацех кхетам талла, хила тарлуш долу масалш а далош. Къамелан практикехь нохчийн литературин меттан коьрта лексически, грамматически, стилистически, орфографически, пунктуационни норманаш ларйан. TIекаренан Iалашонца а, къамелан хьолаца а нийса догIуш, меттан гIирсаш харжа. Ненан мотт хааран тIегIано адаман кхетам кхиарна бечу тIеIатъамах лаьцна ойлайан. Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-Дошам. ДикДошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Стилистика	Вайн заманан нохчийн меттан функциональни тайпанаш. Къамелан стилаш (карладаккхар, жамIдар). Буьйцу мотт а, исбаьхьаллин литературин мотт а. Буьйцу мотт, цунах пайдаэцаран гуо, маьIна а. Буьйцучу меттан коьрта билгалонаш. Исбаьхьаллин литературин мотт а, меттан кхечу функциональни тайпанех иза къаьсташ хилар а (карладаккхар, жамIдар). Исбаьхьаллин къамелан коьрта билгалонаш: васт хилар, суртхIоттаран гIирсех а, меттан кхечу функциональни тайпанийн меттан гIирсех а шуьйра пайдаэцар	4	Текстан анализ йеш, цуьнан тема къастош, текстан коьрта ойла билгалйоккхуш, тобанехь болх бан. Текстера маьIнин дакъош а, абзацаш а схьакъасто, предложенешна йукъара уьйр къасто; маьIнин тохарш, соцунгIаш, интонаци къасто. Шишша цхьаьна болх бар: Iилманан тексташ а, кхечу функциональни стилийн, меттан тайпанийн тексташ а йуста, церан башхаллашка хьаьжжана. Аннотацеш, тезисаш, конспекташ, рефераташ, док ладаш, рецензеш хIитто. Буьйцучу меттан анализ йан, лексически, морфологически, синтаксически гIирсех цу къамелехь пайдаэцаран башхалле хьаьжжана.

			Тобанашкахь болх беш, исбаьхьаллин къамелан коьрта билга-лонаш (васт хилар, суртхlотторан гlирсех шуьйра пайдаэцар) хаа а, исбаьхьаллин гlирсаш лаха а, церан маьlнаш къасто а. Къамелехь нийса а, шен меттахь а суртхlотторан гlирсех пайдаэца. Меттан суртхlотторан гlирсех пайда а оьцуш, сочинени йазй-ан. Оьшу хаам схьакъасто тайп-тайпанчу хьостанашкара: деша-ран-lилманан текстaшкара, хааман литературин тlера, хаамийн гlирсашкара (цу йукъахь электронни кепехь болчу хаамийн гlирсашкахь а). Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан: 1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/; 2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. ДикДошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/

НОХЧИЙН МЕТТАН ПОУРОЧНИ ПЛАНИРОВАНИ

10 класс

РогIалла	Урокан тема	Сахьтийн барам			Терахь	Электронни дешаран ресурс
		Сахьт	Талламан белхаш	Кхолларалдин белхаш		
	Нохчийн маттах болу йукъара хаамаш (1с.)					
1	Мотт, цуьнан коьрта билгалонаш, маьIна. Нохчийн йозанан йоцца истори	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/
	Лексикологи (4 с.)					
2	Омонимаш, синонимаш, антонимаш	1	0	0		www.urok95/ru.
3	Архаизмаш, историзмаш, неологизмаш	1	0	0		www.urok95/ru.
4	ТIеэцна дешнаш	1	0	0		ps95 .ru/dikdosham
5	Нохчийн меттан дошамаш	1	0	0		ps95.ru/dikdosham
	Фонетика. Орфографи (4 с. + 1 с.)					
6	Мукъа аьзнаш а, мукъа элпаш а	1	0	0		www.urok95/ru.
7	Мукъачу аьзнийн коьрта башхаллаш	1	0	0		www.urok95/ru.
8	Мукъачу а, мукъазчу а элпийн нийсайаздар	1	0	0		ps95.ru/dikdosham
9	**Талламан болх** (1-ра триместр)	**1**	**1**	**0**		ps95 .ru/dikdosham
10	Доккха элп йаздар. Дош сехьадаккхар	1	0	0		www.urok95/ru.
	Дошкхолладалар (5 с.)					
11	Дешнийн кхолладалар.	1	0	0		www.urok95/ru.
12	Гергара дешнаш а, дешан орам а	1	0	0		ps95 .ru/dikdosham
13	Дешан чаккхе, дешхьалхе	1	0	0		www. urok95/ru.
14	Суффикс, лард	1	0	0		www. urok95/ru.
15	Схьадевлла а, схьадовлаза а дешнаш	1	0	0		www. urok95/ru.
	Морфологи (16 с. + 2 с.)					
16	ЦIердешнийн нийсайаздар	1	0	0		ps95 .ru/dikdosham
17	Чолхечу цIердешнийн нийсайаздар	1	0	0		www.desharkho.ru
18	Билгалдешнийн нийсайаздар	1	0	0		ps95 .ru/dikdosham
19	Чолхечу билгалдешнийн нийсайаз-	1	0	0		www.desharkho.ru

	дар					
20	Терахьдешнийн нийсайаздар	1	0	0		ps95 .ru/dikdosham
21	**Талламан болх (диктант)**	**1**	**1**	**0**		www. urok95/ru. https://desharkho.ru
22	Чолхечу терахьдешнийн нийсайаз-дар	1	0	0		ps95 .ru/dikdosham
23	Цlерметдешнийн нийсайаздар	1	0	0		ps95 .ru/dikdosham
24	Хандешнийн нийсайаздар	1	0	0		www. urok95/ru.
25	Чолхечу хандешнийн нийсайаздар	1	0	0		www. urok95/ru.
26	Чолхечу куцдешнийн нийсайаздар	1	0	0		ps95.ru/dikdosham
27	Причастийн, деепричастийн ний-сайаздар	1	0	0		ps95.ru/dikdosham
28	Чолхечу причастийн, дееприча-стийн нийсайаздар	1	0	0		www.desharkho.ru
29	Дештlаьхьенаш а, дешхьалхенаш а нийсайазйар	1	0	0		www.urok95/ru.
30	Хуттургаш нийсайазйар	1	0	0		ps95.ru/dikdosham
31	**Шеран талламан болх**	**1**	**1**	**0**		ps95.ru/dikdosham
32	Дакъалгаш, церан нийсайаздар	1	0	0		www.urok95/ru.
33	Чолхечу айдардешнийн нийсайаз-дар	1	0	0		ps95.ru/dikdosham
	lамийнарг карладаккхар (1 с.)					
34	lамийнарг карладаккхар. Дешаран шарахь биначу белхан жамl дар	1	0	0		www.urok95/ru.
ПРОГРАММИЦА САХЬТИЙН БАРАМ		**34**	**3**	**0**		

НОХЧИЙН МЕТТАН ПОУРОЧНИ ПЛАНИРОВАНИ

11 класс

Терахьийн рогIалла	Урокан тема	Сахьтийн барам			Терахь	Электронни дешаран ресурс
		Сахьт	Талламан белхаш	Кхолларалин белхаш		
Нохчийн маттахь болу йукъара хаамаш (2 с.)						
1	Мотт а, халкъан истори а	1	0	0		http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
2	Литературин матто йукъараллехь дIалоцу меттиг	1	0	0		http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
Синтаксис (21 с. + 2 с.)						
3	Дийцаран, хаттаран, айдаран, тIедожоран предложенеш	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/
4	Дийцаран, хаттаран, айдаран, тIедожоран предложенеш	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/
5	Цхьалхечу предложенийн кепаш	1	0	0		www.desharkho.ru
6	Цхьалхечу предложенийн кепаш	1	0	0		www.desharkho.ru
7	Предложенин цхьанатайпана меженаш	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/
8	**Талламан болх** (1-ра триместр)	**1**	**1**	**0**		www.desharkho.ru
9	Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш	1	0	0		www. urok95/ru.
10	Предложенин шакъаьстина меженаш	1	0	0		www.urok95/ru.
11	Предложенин шакъаьстина меженаш	1	0	0		www.urok95/ru.
12	ТIедерзар, цуьнан нийсайаздар	1	0	0		www.urok95/ru.
13	Йукъадалочу дешнийн нийсайаздар	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/
14	Дешнаш-предложенеш хIаъ, хIанхIа	1	0	0		www.urok95/ru.
15	Чолхе-цхьаьнакхетта предложени а, цуьнгахь хуттургаш а, сацаран хьаьркаш а	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/
16	Чолхе-цхьаьнакхетта предложени а, цуьнгахь хуттургаш а, сацаран	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/

	хьаьркаш а					
17	Чолхе-карарчу предложенех кхе-там	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/
18	Чолхе-карарчу предложенехь ка-рара хуттургаш а, хуттурган деш-наш а	1	0	0		http://ps95.ru/nohc hiyn-tezaurus/
19	Тlетухучу предложенийн кепаш, церан схемаш	1	0	0		www. urok95/ru.
20	**Талламан болх** (2-гlа триместр)	**1**	**1**	**0**		www.desharkho.ru
21	Тlетуху предложени а, карчам а	1	0	0		www. urok95/ru.
22	Хуттургаш йоцчу чолхечу преддо-женешкахь цlоьмалг, цlоьмалгаца тlадам	1	0	0		www. urok95/ru.
23	Хуттургаш йоцчу чолхечу преддо-женешкахь цlоьмалг, цlоьмалгаца тlадам	1	0	0		www. urok95/ru.
24	Хуттургаш йоцчу чолхечу предло-женешкахь шитlадам	1	0	о		http://ps95.ru/no-hchiyn-tezaurus/
25	Хуттургаш йоцчу чолхечу предло-женешкахь тире	1	0	0		ps95.ru/dikdosham/
Къамел, къамелан тlекаре, къамелан оьздангалла (1 с.)						
26	Къамелан оьздангалла	1	0	0		www.urok95/ru.
Стилистика (4 с. + 1 с.)						
27	Къамелан стилаш (карладаккхар, жамl дар)	1	0	0		www.urok95/ru.
28	Къамелан стиль. Публицистикин стиль	1	0	0		www.urok95/ru.
29	**Шеран талламан болх**	**1**	**1**	**0**		ps95.ru/dikdosham/
30	Исбаьхьаллин литературин стиль	1	0	0		www.urok95/ru.
31	Исбаьхьллин къамелан коьрта башхаллаш	1	0	0		www.urok95/ru.
lамийнарг карладаккхар (2 с.)						
32	lамийнарг карладаккхар	1	0	0		www.urok95/ru
33	Дешаран шарахь биначу белхан жамl дар	1	0	0		www.urok95/ru.
ПРОГРАММИЦА САХЬТИЙН БАРАМ		**33**	**3**	**0**		

Йуххедиллар

Дешаран-методикин а, хааман-ресурсан а кхачойар

Дешаран-методикин гIо-Iаматаш

1. Тимаев А.Д., Ирезиев С-Х.С-Э., Абубакаров А.Х. Нохчийн меттан морфологин практически курс. – Грозный: ФГУП «Издательский комплекс «Грозненский рабочий», 2012. – 176 с.
2. Эдилов. С.Э. Самукъане грамматика. 5-11 классашна дешаран пособи. Грозный: «Арфа-Пресс», 2012. – 368 с.
3. Эдилов С.Э. Дешаран пособи. Нохчийн меттан синтаксисан практикум. Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2012. – 302 с.
4. Эдилов С.Э. Дешаран пособи. Нохчийн меттан практикум. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2020. – 320 с.

Iилманан литература

5. Алхазуров М.И. Чеченский ономастикон: современные и архаичные имена и прозвища. – Махачкала: «Алеф», 2022. – 198 с.
6. Бибулатов Н.С. Чеченские имена. – Грозный: Чечено-Ингушское издательско-полиграфическое объединение «Книга», 1991. – 144 с.
7. Гиреев В.Ю. История и проблемы формирования чеченского литературного языка. – Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2010. – 192 с.
8. Нохчийн меттан нийсайздаран коьрта бакъонаш. // Джамалханов З.Д., Мациев А.Г., Овхадов М.Р., Халидов А.И., Вагапов А.Д., Эдилов С.Э., Солтаханов И.Э., Альбеков Н.Н., Ирезиев С-Х.С-Э., Умхаев Х.С., Дадаев С.П., Абдулкадырова Р.А., Бураева Т.И., Абдулкадыров А.Т., Бадаева А.С. . – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2022. – 64 с.
9. Тимаев А.Д. Древнейшая структура именных основ и категория грамматических классов в нахских языках и диалектах. Грозный: «Арфа-Пресс», 2012. – 270 с.
10. Тимаев А.Д. Шатойский говор горского диалекта чеченского языка в сравнении с плоскостным диалектом и итум-калинским говором. Нальчик: ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.», 2009. – 260 с.
11. Халидов А.И. Грамматика чеченского языка. Том 1. – Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2013. – 848 с.
12. Халидов А.И. Нахские языки в типологическом освещении. Нальчик: «Эль-Фа», 2004 – 400 с.
13. Халидов А.И. Очерки истории и типологии нахских языков. – Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2008. – 320 с.
14. Халидов А.И. Типологический синтаксис чеченского простого предложения. Нальчик: «Эль-Фа», 2004. – 272 с.
15. Халидов А.И. Языки и народы Кавказа. – Махачкала: «Алеф», 2019. – 628 с.
16. Чокаев К.З., Чокаев Р.К. Горные говоры Чечни. – Грозный: ГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2004. – 408 с.
17. Эдилов С. Э. Нохчийн мотт а, керла технологеш а. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 285 с.

Методикин литература

18. Айдамирова М. А. Музейная деятельность по приобщению подрастающего поколения к культурно-историческому наследию. Учебное пособие. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 89 с.
19. Джамбеков О.А., Джамбекова, Т.Б. Нохчийн халкъан барта кхолларалла. – Махачкала: «Алеф» (ИП «Овчинников»), 2012. – 427 с.

20. Эдилов С. Э. Изложени йазйан Іамор. Хьехархошна гІоьнна методически пособи. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 240 с.

21. Эдилов С. Э. Сочинени йазйан Іамор. Хьехархошна гІоьнна методически пособи. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 160 с.

22. Эсхаджиев Я.У. Йуккъерчу школехь нохчийн меттан орфографи а, пунктуаци а Іамор. – Грозный: Издательство «Альфа-Пресс», 2012. – 222 с.

Дошамаш

23. Нохчийн меттан нийсайаздаран йоккха дошам. – Грозный: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023. – 989 с.

24. Абдуразаков Ш.И. Іаламан совгІаташ. Оьрсийн-нохчийн ораматийн, дийнатийн дошам. – Грозный: ОА «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2016. – 192 с.

25. Арсанукаев А.М. Нохчийн литературин Іилманан терминийн лугІат.– Грозный: ФГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2012. – 302 с.

26. Арсанукаев А.М., Михтеева Т.И. Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн словарь. – Грозный: ГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2008. – 190 с.

27. Вагапов А.Д. Словарь географических терминов чеченского языка. – Грозный: ОА «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2008. – 192 с.

28. Вагапов А. Д. Нохчийн меттан синонимийн жайна. – Тбилиси: «Меридиан», 2011. – 734 с.

29. Вагапов А.Д. Этимологический словарь чеченского языка. Том 1. – Махачкала: «Алеф» (ИП «Овчинников»), 2019. – 301 с.

30. Вагапов А.Д., Батаев Д.К-С., Мажиев Х.Н. Словарь строительных терминов чеченского языка. – Махачкала: ИП «Бисултанова П.Ш», 20018. – 104 с.

31. Дикаев Б.Ю. Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн медицинин а, ветеринарин а терминийн лугІат. – Грозный: ФГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2011. – 304 с.

32. Ибрагимов Лоьма. Нохчийн фразеологизмийн маьІнадаран дошам – Грозный: ГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2004. – 128 с.

33. Мациев А.Г. Нохчийн-оьрсийн словарь. – Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2010. – 656 с.

34. Умархаджиев С.М., Астемиров А.В., Асхабов Х.И., Бадаева А.С., Вагапов А.Д., Израилова Э.С., Султанов З. А. Оьрсийн-нохчийн, нохчийн-оьрсийн компьютерийн лексикин дошам. – Грозный, АН ЧР, 2017. – 238 с.

35. Халидов А.И. Нохчийн меттаІилманан терминийн лугІат. – Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2012. – 448 с.

Хаамийн ресурсаш

36. Нохчийн меттан лексикин-семантикин тезаурус //URL: http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ (пайдаэцна хан: 05.09.2024)

37. Образовательный портал «Чеченская электронная школа» //URL:https://desharkho.ru/ (пайдаэцна хан: 05.09.2024)

38. Чеченско-русский, русско-чеченский онлайн-словарь. Дикдошам // URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/ (пайдаэцна хан: 14.08.2022)